**Одыджыныр къытеуагъ,**

**Тиуроки едгъэжьагъ.**         **Сэлам арахы  (мэт1ысых)**

**Тыфай тыбзэ мыкIодынэу,**
**Тыфай тыбзэ мыкIосэнэу,**
**Тыфай ренэу дгъэлъэпIэнэу,**
**Ибаиныгъэ хэдгъэхъонэу`!**

**-Сэ сц1эр Сима Заурбечевна.**

**-Мы усэ ц1ык1ур зэхьыл1агъэр адыгабзэр ары.**
Къызэрэжъугуры1уагъэу адыгэбзэ урокыр етэгъажьэ.

**Смайликхэр**.

-Сызэрэшъухаплъэрэмк1э, т1эк1у шъогумэк1ых, аба? Хьак1эхэр щысых, сэри сышъуинэ1уасэп. Арышъ, шъугу ц1ык1умэ язытет мы смайликхэмк1э зэ къысэъулъэгъуи.

-Тэрэз.

Ар 1офэп, 1оф зэдатш1эмэ , дгъэтэрэзэщт. Зыжъугъэрэхьат,зэк1эри дэгъу хъущт.

-Адэ зэ тш1агъэхэр къэтэжъугъа1охи : классым тыкъихьагъ, сэлам фабэ зэтхыгъ, тыт1ысыгъ, усэм шъуедэ1угъ, аба?.

- Зэ а гущы1эхэм упч1э афэтэжъугъэуцуи.-

-Сыд тш1агъэр? –Тэрэз.

-Ар зиупч1эр глаголыр ары..

**Темэр:** Глаголыр бзэ гущы1эхэм ащыщ.**Слайд**

**Мурадыр:** глаголым гущы1эухыгъэм мэхьанэу щыри1эр; ащ иупч1эхэр аш1эныр; глаголыр текстым къыхагъэщышъуным фэгъэсэнхэр, ягупшысэн хэгъэхъоныр. **Слайд**

**-Сыда глагол зыфа1орэр?**

-Бзэ лъэпсэ гущы1эу, пкъыгъом ыш1эрэр е щыш1рэр къызэрык1рэ гущы1эмэ глагол ара1о. Глаголым сыд пкъыгъом ыш1эрэр? Сыд пкъыгъом щыш1ырэр? упч1эхэр афагъэуцу.

ГЛАГОЛХЭМ Т1О АК1ЭТЭГЪЭТХЪЫ.

**Урокым ик1уак1**

*1.Урокым изэхэщэн, темэмрэ мурадымрэ нэ1уасэ фэш1ыгъэнхэр.*

Къесы, къещхы, **Слайд**

Къэк1о, къэчъэ,

Щылъых, щысых-

Мыхэр зэк1э тинэ1уасэх.

Хъугъэр ,ш1агъэр къытагъаш1э,

Джы глаголк1э тяджэщт ахэм.

(Мэрэтыкъо Т.)

-Зы упч1эм иджэуапхэу гущы1эхэр хэтха мыщ? Ары

- Ахэр глаголхэр арых.

-Тэрэз,шъул1ыхъупхъ.

(правилэр. Н 103)

Хэт правилэм къеджэщт?

-Непэрэ числоур тэтхы: Гъэтхапэм и 18. **Слайд**

Классмэ 1офш1эн.

**2. Къэбзэтхэныр. Слайд**

Ш1 ш1 Ш1 ш1

Е зыш1эрэм е фыщылъ.

-Сыда мы ттхыгъэр? Сыдэущтэу къыжъугуры1ора имэхьанэ?

-Ц1ыфмэ зыпари мыхъун угу афилъы хъущтэп, 1эягъэк1э уадэзек1о хъущтэп. Угу ш1у илъы хъумэ,ори ш1у къыбдэхъущт.

**3. Темэм 1оф дэш1эныр.**

1. 1офш1энэу 235-р тэгъэцак1э. Сурэтыр къызыфагъэфедэзэ,итлъагъорэр упч1эхэмк1э зэхатэфы.Гущы1эухыгъэхэр зэхэтэгъэуцох. Упч1эхэмк1э пкъыгъомэ агъэцак1эрэ 1офхэр къа1о ык1и ахэр тетрадым щатхы.

**Самолетыр мэбыбы, Мэш1окур мачъэ, К1алэр мак1о.**

**3. Глаголхэр къыхэгъэщ. Слайд**

Мэбыбы, к1алэ, шы, щыт,мак1о, доскэ, тхылъ, тыгъэр, еджэ.

**Шъул1ыхъупхъ**

**5. Физминуткэр .Слайд.**

Тымыгу1эу тыкъэтэджы.

Лъагэу, лъагэу зытэщэи.

Т1эхэр псынк1эу дэтэхые,

Къетэхыхь, тэутхыпк1ы.

**1офш1энэу 237 агъэцак1э.**

**6.Унэмк1э гъэцэк1эныр.**

1офш1энэу 239, правилэр н.103.

**7.Урокым изэфэхьысыьын**.

-Урокыр шъугу рихьыгъа? Ар смайликхэмк1э къэтш1эщт.Зэ смайликхэр къэщъу1этхи джы. Шъул1ыхъупхъ.

-Сыда непэ зэдгъэш1агъэр?

-Сыда глагол зыфа1орэр?